



Pou Piblikasyon Imedya: 05/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KA KE OU TE RATE LI: EDITORYAL GOUVÈNÈ CUOMO NAN NEWSDAY:  
LEKÒL YO OFRI LESON ENTELIJAN SOU PWOPAGASYON COVID-19 LA**

***Cuomo: "Nou konnen kijan yon viris pwopaje. Nou tout te gen yon moun lakay nou ki te trape yon viris, e nou tout konnen kisa nou te dwe fè pou evite pou lòt manm fanmi yo pa tonbe malad. Menm bagay la vrè pou COVID la, sèlman nan yon echèl ki pi gran, kenbe distans sosyal epi mete mask anpeche sa rive".***

Newsday te pibliye yon editorial Gouvènè Andrew M. Cuomo ki bay agiman ke to pozitivite ki ba nan lekòl yo konpare ak to pozitivite kominote a nan Long Island demontre ke li posib pou kontwòl pwopagasyon COVID-19 la si chak moun swiv enstriksyon sante piblik yo. Tèks editorial sa disponib anba la a, epi ou kapab jwenn li sou entènèt [isit la](#).

*Prèske tout moun ki pase nan laj adilt toujou sonje leson yo te aprann nan men pwofesè yo lè yo te jèn. Leson yo rete avèk nou paske yo pisan epi yo vrè. Men jodi a, nou ka toujou aprann leson ki enpòtan nan lekòl ak nan men pwofesè nou—leson k ap ede nou jere danje pandemi sa, epi k ap ede nou sove lavi.*

*Pandan ane a, nou te fè plizyè santèn milye tès COVID nan lekòl yo. Nan chak pati nan eta a, san eksepsyon, to enfeksyon nan lekòl yo pi ba pase kominote ki antoure yo a; vrèman vre, li ba anpil.*

*To enfeksyon mwayen nan lekòl yo pi ba pase 3%. Menm nan zòn jòn kote pwopagasyon nan kominote a plis pase 5.3%, to enfeksyon nan lekòl yo se yon fraksyon. Massapequa Park, pa egzanp, gen yon to enfeksyon 6.6%, men lekòl yo se 3.5%. Yon lòt kote nan Long Island, to enfeksyon Hauppauge se 6%, men to lekòl la se 1.8%. Nan New Hyde Park, to enfeksyon kominote a se 3.4%, alòske to lekòl la se 1.5%. Nan Ronkonkoma, to enfeksyon kominote a se plis pase 7%, alòske to lekòl la se 2.6%. Nan Syosset, to enfeksyon kominote a se 3%, alòske to lekòl la se 1.6%. Nan Southampton, 2.8% nan kominote a epi 1.1% nan lekòl yo.*

*Jan nenpòt paran konnen, lekòl yo souvan se kote maladi pwopaje fasilman. Men nan ka COVID la, kote ki gen plis sekirite nan kominote a se lekòl vre.*

*Kijan sa ka fèt? Akoz lekòl yo ap swiv règ debaz yo. Elèv ak pwofesè yo mete mask. Yo pratike distans sosyal. Yo lave men yo souvan. Vrèman vre, anpil elèv reyèlman kontan epi serye anpil pou fè pati pa yo pou kenbe zanmi yo ak fanmi yo an sekirite.*

*Yo ta dwe yon egzanp pou nou tout. Twòp adilt pa t pran konsyans de edikasyon yo, inyore ekspè yo epi aji san konsiderasyon pou konsekans aksyon yo lè yo akeyi gran reyinyon oswa pa itilize zouti ki pi efikas ki disponib pou nou kounye a: yon kouvèti pou vizaj.*

*Nou konnen kijan yon viris pwopaje. Nou tout te gen yon moun lakay nou ki te trape yon viris, e nou tout konnen kisa nou te dwe fè pou evite pou lòt manm fanmi yo pa tonbe malad. Menm bagay la vrè pou COVID la, tou senpleman nan yon echèl ki pi gran.*

*Tout sa ki nesèsè pou kontwole pwopagasyon li se pou moun yo entelijan epi disipline. COVID la pisan, men li pa gen okenn pouvwa jiskaske li antre nan kò yon moun. Lè nou kenbe distans sosyal epi mete mask, sa anpeche sa rive. Nou konnen, ba, restoran ak gran rasanbleman se pwoblèm. Kounye a konpòtman sosyal chanje, epi plis moun ap reyini nan ti gwoup lakay yo. Sa tounen faktè pwopagasyon ki pi gwo. Fwaye, fanmi, zanmi sanble an sekirite, men pa kont COVID la.*

*Vaksen an ap vini. Nou wè limyè nan pwent tinèl la. An nou rete entelijan—epi vivan—jiskaske nou rive la.*

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)